


Etap 1: Konekte nan AsgardMobile ak non itilizatè Asgard ou ak modpas ou.



Nòt: Si ou pa konnen enfòmasyon koneksyon ou oswa ou pa sonje yo, kontakte nou nan support@asgardsoftware.com

Etap 2: AsgardMobile ap louvri epi li montre sit ou ak non ou.




Bezwen Èd?

Kontakte Sipò Kliyan pa imèl, telefòn, oswa mesaj tèks.

Etap 3: Bouton **Jere shift la** la se yon mont ki nan yon sèk ble. Li pèmèt ou chanje estati ou soti nan **Pare** pou ale nan **Sou poz shift la**, **Sou shift – Fini shift la**, oswa **Pa sou shift**.

Tape sou revèy la pou louvri ekran Estati Shift la. Chwazi estati ou.



Sou shift, pare: Premye bagay ou fè se mete tèt ou nan estati **Sou shift, pare** pou ou ka resevwa lòd travay yo.



Sou poz shift la: Gen yon revèy koutwazi ki montre ou, sistèm nan, ak resepsyon an konbyen tan ou pase nan poz.





Sou shift – Fini shift la: Rekòmande 15 minit anvan ou fini travay ou pou jounen an, sa pèmèt ou mete dènye touche sou travay ou.



Pa sou shift: Asire ou chanje estati ou pou Pa sou Shift **anvan** ou dekonecte pou jounen an.

Etap 4: Kat bouton prensipal yo pèmèt ou navige nan diferan fonksyon ak karakteristik aplikasyon an.




Lòd Travay Mwen - Montre kantite lòd travay ou resevwa, tankou lòd estanda, PMs, ak enspeksyon. Se sèl kote ou bezwen pou swiv epi fini tout lòd travay ou yo.

Dispachè -a fonksyone selon pèmasyon epi li fèt pou bay itilizatè yo kapasite pou jere lòd travay ak fonksyon dispachè dirèkteman nan aplikasyon mobil lan.

Nouvo Lòd Travay - Pèmèt ou kreye yon nouvo lòd travay dirèkteman depi ekran prensipal la.

Rechèch pa Lokalizasyon - Pèmèt ou chèche tout kalite lòd travay pou yon lokal espesifik epi li bay opsyon filtè pou w ka presize rechèch ou a.

Etap 5: Meni Hamburger lan gen tout opsyon ki sou ekran prensipal la, plis kèk lòt ankò, tankou:



- Ou gen kapasite pou kreye yon **Lòd Travay Estanda** oswa **Enspeksyon** lè ou peze sou **+ Nouvo...**
- Opsyon pou **Chanje Sit** la pèmèt ou jwenn aksè nan sit fòmasyon ou, oswa lòt sit si ou gen pèmasyon pou plizyè sit.
- **A Pwopo** se yon fonksyon pratik ki montre nimewo vèsyon AsgardMobile lan ak vèsyon sistèm operasyon aparèy ou a. Enfòmasyon sa yo itil si ou bezwen rele Sipò Teknik.
- **Lè ou dekonekte**, ou sòti nan aplikasyon an men ou pa mete tèt ou nan Pa sou Shift. Sonje mete tèt ou nan estati **Pa sou Shift anvan ou dekonekte!**